

Gonore – Fèy Enfòmasyon CDC



Nenpòt moun ki aktif nan sèks kapab gen gonore. Gonore kapab lakòz konplikasyon ki grav anpil lè li pa trete, men li kapab geri avèk bon jan medikaman.

Kisa gonore oswa blenoraji a ye?

Gonore se yon maladi moun pran nan fè bagay (MST) ki kapab enfekte gason tankou fanm. Li kapab lakòz enfeksyon nan pati jenital, rektòm ak gòj. Li se yon enfeksyon ki kouran anpil, sitou pami jèn moun ki gen laj 15-24 lane.

Kijan gonore simaye?

Ou kapab pran gonore lè ou fè bagay nan dèyè, vaje oswa bouch avèk yon moun ki gen gonore. Yon [fanm ansent](#) ki gen gonore kapab bay tibebe li enfeksyon an pandan l ap akouche.

Kijan mwen ka bese risk pou m trape gonore?

Sèl fason pou evite maladi moun pran nan fè bagay (MST) se pa fè sèks nan vaje, nan dèyè ak nan bouch.

Si w fè bagay regilyèman, ou ka fè sa k annapre yo pou bese chans pou trape gonore:

- Antann ak patnè w pou nou gen yon relasyon estab avèk yon sèl patnè ki te fè tès epi rezilta tès MST yo soti negatif;
- Sèvi ak kapòt lateks nan [fason kòrèk la](#) chak fwa w ap fè bagay.

Èske mwen riske pou gen gonore oswa blenoraji?

Nenpòt moun ki aktif nan sèks kapab gen gonore si li fè bagay san pwoteksyon nan anis, nan vaje oswa nan bouch.

Si ou aktif nan sèks, pale yon fason ki onèt e klè avèk pwofesyonèl swen sante ou epitou mande li si ou ta dwe fè tès pou gonore oswa pou lòt MST. Si ou se yon gason ki aktif nan sèks epi ou se yon gason makòmè, ou fè bagay ak fi ak gason, oswa ou fè bagay avèk gason parèy ou, ou ta dwe fè tès pou gonore chak ane. Si w se yon fanm ki aktif nan sèks epi ou pòkò gen 25 lane oswa yon fanm pi gran ki gen faktè risk tankou nouvo oswa plizyè patnè sèks, oswa yon patnè sèks ki gen yon enfeksyon moun pran nan fè bagay, ou dwe fè tès gonore chak ane.

Mwen ansent. Kijan gonore ka afekte tibebe mwen an?

Si ou [ansent](#) epi ou gen gonore, ou kapab transmèt enfeksyon an bay tibebe a pandan akouchman. Sa ka lakòz pwoblèm sante grav pou bebe a. Si ou ansent, li enpòtan pou ou pale avèk pwofesyonèl swen sante ou la pou ou kapab fè egzamen, tès ak tretman kòrèk, jan sa nesèsè. Si ou trete gonore a touswit sa ap fè tibebe a gen mwens chans pou l gen konplikasyon pou sante li.

Kijan mwen ka konnen si mwen gen gonore?

Kèk gason ki gen gonore ka pa gen sentòm yo ditou. Men, gason ki gen sentòm yo ka gen:

- Yon sansasyon boule lè y ap pipi;
- Yon dechaj blan, jòn oswa vèt nan peni yo;
- Boul grenn ki bay yo doulè oswa ki anfle (menm si sa mwens kouran).

Pifò gason ki gen gonore pa gen okenn sentòm. Menm lè yon fanm gen sentòm, sentòm yo modere souvan epi fanm nan kapab panse li gen yon enfeksyon nan blad-pipi oswa nan vajen. Fanm ki gen blenoraji arisk pou gen konplikasyon grav nan enfeksyon an, menm si yo pa gen okenn sentòm.

Men kèk nan sentòm kay fanm yo:

- Yon sansasyon ki bay yo doulè oswa yon sansasyon boule lè y ap pipi;
- Plis ekoulman nan vajen;
- San kap koule san se poko règ ou.

Enfeksyon nan rektòm ka lakòz sentòm oswa yo kapab lakòz sentòm sou gason ak fanm ki ka gen ladan:

- Ekoulman;
- Demanjezon nan anis;
- Doulè;
- Senyen;
- Poupou ki bay doulè.

Doktè ou ta dwe egzamine ou si ou remake nenpòt nan sentòm sa yo oswa si patnè ou la gen yon MST oswa sentòm yon MST, tankou yon blese li pa abitye genyen, yon dechaj ki gen move odè, boule lè l ap pipi, oswa san ap koule anvan dat règ yo.

Kijan doktè mwen ap fè konnen si mwen gen gonore?

Souvan, yo kapab itilize pipi pou fè tès pou gonore. Men, si ou te fè sèks nan bouch ak/oswa sèks nan anis, yo ka itilize tanpon pou pran echantiyon nan gòj ou ak/oswa nan rektòm ou. Nan kèk ka, yo ka itilize yon tanpon pou pran yon echantiyon nan irèt (kanal pipi a) yon gason oswa nan kòl matris (ouvèti matris) yon fanm.

Èske gonore kapab geri?

Wi, [gonore kapab geri avèk trètman kòrèk la](#). Li enpòtan pou ou pran tout medikaman doktè a preskri ou pou trete enfeksyon an. Ou pa ta dwe bay lòt moun nan medikaman pou gonore w la. Menmsi medikaman yo ap sispann enfeksyon an, yo p ap defèt okenn domaj pèmanan maladi a lakòz.

Li ka vin pi difisil pou trete kèk gonore, lè [souch gonore ki reziste ak medikaman yo](#) ap ogmante. Si sentòm ou yo kontinye pandan plis pase de ou twa jou apre ou resevwa trètman an, ou ta dwe retounen nan klinik yon pwofesyonèl sante pou yo tcheke ou ankò.

Mwen te trete pou gonore. Kilè mwen kapab fè bagay ankò?

Ou ta dwe rete tann sèt jou apre ou fin pran tout medikaman yo anvan ou fè bagay. Pou pa enfekte avèk gonore ankò oswa pou pa transmèt gonore ba patnè ou (yo), oumenm ak patnè seksyèl ou (yo) pa ta dwe fè bagay jouk lè nou chak fin swiv trètman. Si ou te gen gonore epi ou te pran medikaman nan tan pase yo, ou kapab toujou enfekte ankò si ou fè bagay san pwoteksyon avèk yon moun ki gen gonore.

Kisa k ap pase si mwen pa trete?

Gonore ki pa trete kapab lakòz pwoblèm sante ki grav ak pèmanan kay fanm tankou gason.

Kay fanm, gonore ki pa trete kapab lakòz [maladi enflamasyon nan pèlvis \(MEP\)](#). Kèk nan konplikasyon MEP yo se

- Fòmasyon tisi sikatris ki bloke [twonp falòp yo](#);
- Gwosès ektopik ([gwosès deyò matris la](#));
- [Enfètilite](#) (ou pa kapab ansent);
- Doulè pèlvyen/abdominal alontèm.

Kay gason yo, gonore kapab lakòz yon pwoblèm ki bay doulè nan tib ki tache nan boul grenn yo. Nan ka ki ra yo, sa ka lakòz yon gason vin esteril, oswa sa ka anpeche li kapab fè yon timoun.

Raman, gonore ki pa trete kapab simaye nan san ou oswa nan jwenti yo. Pwoblèm medikal sa a kapab menase lavi ou.

Gonore ki pa trete [ka ogmante chans ou tou pou genyen oswa pou transmèt VIH](#) – viris ki lakòz maladi SIDA.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Division of STD Prevention
(DSTDP)
Centers for Disease Control
and Prevention
www.cdc.gov/std

CDC-INFO Contact Center
1-800-CDC-INFO
(1-800-232-4636)
[Contact CDC-INFO](#)

[CDC National Prevention
Information Network \(NPIN\)](#)
P.O. Box 6003
Rockville, MD 20849-6003
E-mail: npin-info@cdc.gov

[Asosyasyon Ameriken pou Sante
Seksyèl \(American Sexual Health
Association, ASHA\)](#)
P.O. Box 13827
Research Triangle Park, NC
27709-3827
919-361-8488